

BAB I BUBUKA

1.1 Kasang Tukang

Dina kahirupan masarakat Sunda, karya sastra nu sumebar téh bisa ditilik tina wangun lisan sarta tulisan. Dina wangun lisan mah, di antarana anu sumebar téh nyaéta dongéng. Dongéng sok disebut ogé carita rakyat (carita atawa babad anu nétélakeun kumaha kajadian hiji hal nu aya di masarakat hiji nagara) atawa carita/karya balaréa. Pangna dongéng téh sok disebut karya balaréa lantaran teu kanyahoan saha anu ngarangna (anonim) tur sumebarna sacara lisan, sarta geus teu ahéng lamun dina hiji dongéng mibanda rupa-rupa vérsi. Eusi dongéng umumna ngawengku ulikan moral, contona lamun jalma bener geus tangtu meunang pahala, jalma salah tangtu meunang cilaka; sangkan maksud titekanan kudu ngagunakeun akal atawa kudu hirup sauyunan ngarah répéh-rapih.

Dongéng disawang masih kénéh réa di masarakat Cibadak. Cibadak téh salasahiji kota leutik nu aya di Kabupatén Sukabumi. Matak disebut Cibadak téh cenah mah tina kecap “ci” (cai) jeung “badak”. Baheulana, di Cibadak, di palebah Leuwi Goong ayeuna, loba ranca paranti badak gupak/guyang. Sanajan kitu, teu sakabéh masarakat Cibadak arapal kana dongéng Sasakala Cibadak. Ku kituna, Cibadak miboga poténsi pikeun dijadikeun lokasi panalungtikan. Ku ieu panalungtikan, dongéng-dongéng éta bisa diinventarisasi tur masarakat bisa apaleun naon waé dongéng nu aya di Cibadak. Salian ti éta, dongéng-dongéng nu aya di Cibadak bisa dijadikeun bahan pangajaran di sakola sangkan barudak arapal kana dongéng naon waé nu aya tur bisa ngaronjatkeun minat barudak waktu pangajaran dongéng, eusina lain dongéng nu éta deui éta deui (umum).

Dongéng dina jaman kiwari geus kasilih ku rupa-rupa *genre* animasi anu leuwih dipikaresep ku barudak. Ku ayana ieu masalah, masarakat geus sakuduna ngarasa prihatin kana kaayaan dongéng mangsa kiwari. Urang teu bisa nyalahkeun kolot anu geus langka ngadongéng atawa nyalahkeun budakna anu geus embung ngadéngékeun/ngaregepkeun dongéng. Tapi sakuduna dongéng diusahakeun,

disosialisasikeun sangkan barudak mikanyaho kana dongéng-dongéng nu aya di tatar Sunda, hususna di wewengkonna sorangan.

Dongéng bisa dijadikeun bahan pangajaran. Hal ieu saluyu jeung kurikulum anu nyebutkeun matéri pangajaran dina KIKD Dinas Pendidikan Provinsi Jawa Barat 2013 kelas VII nyaéta “*menghargai dan mensyukuri keberadaan bahasa Sunda sebagai anugerah Tuhan yang Maha Esa sebagai sarana komunikasi dalam: Percakapan; Iklan Layanan Masyarakat; Karangan Bahasan; Pengalaman Pribadi; Kaulinan Barudak; Dongeng; Sajak, dan Pujian.*” (KD 7.1.1). Dina KD 7.3.5 ogé nétélakeun ngeunaan pangajaran dongéng nyaéta “*mengidentifikasi, memahami, dan menganalisis Dongeng sesuai dengan kaidah-kaidahnya.*” Pamungkas dina KD 7.4.5 nyaéta “*menafsirkan, menanggapi, dan menyajikan isi serta nilai-nilai yang terkandung dalam Dongeng sesuai dengan kaidah-kaidahnya secara lisan dan tulisan.*”

Panalungtikan ngeunaan ajén moral kana karya sastra, jeung panalungtikan kana dongéng geus loba nu nalungtik, diantarana; skripsi Agus Suherman anu judulna “Ajén Moral dina Naskah Drama Modern karya R. Hidayat Suryalaga” (1998), skripsi Mahyar Suryadi anu judulna “Ajén Moral dina Kumpulan Sajak Sasambat karya Yayasan Hendayana (2000), skripsi Muhamad Jaelani anu judulna “Ajén Moral dina Wawacan Lalampah Den Atikah” (2003), skripsi Opih Latipah nu judulna “Dongéng Anu sumebar di Kacamatan Kadudampit Kabupatén Sukabumi pikeun Bahan Pangajaran Basa Sunda di SMP” (2007), skripsi Yusi Gusmiati anu judulna “Ajén Moral dina Buku *Dongéng-dongéng Pakidulan Garut* pikeun Bahan Pangajaran di Sakola (Ulitan Struktural-Semiotik)” (2012), skripsi Habli Rohmat Hadid nu judulna “Inventarisasi Dongéng di Kacamatan Nagrak Kabupatén Sukabumi pikeun Bahan Ajar Ngaregepkeun di SMP” (2012), sarta skripsi Ema Rohimah nu judulna “Ajén Moral dina Struktur carita Dongéng *Manglé Alit* anu Medal Taun 2012 pikeun Bahan Pangajaran Maca di SMP” (2013).

Nepi ka ayeuna can aya anu husus medar sarta nalungtik ngeunaan ajén moral dina dongéng nu aya di Kacamatan Cibadak Kabupatén Sukabumi. Ku kituna, ieu

panalungtikan nu judulna “Ajén Moral dina Dongéng nu aya di Kacamatan Cibadak Kabupatén Sukabumi pikeun Bahan Pangajaran Maca di SMP” perlu dilaksanakeun. Dongéng nu ditalungtik kira-kira aya kana 20-an tina sababaraha désa nu dijadikeun lokasi panalungtikan anu aya di Kecamatan Cibadak.

1.2 Watesan jeung Rumusan Masalah

1.2.1 Watesan Masalah

Luyu jeung kasang tukang, masalah nu baris dipedar diidéntifikasikeun sangkan bisa museur kana ieu panalungtikan nyaéta ngeunaan invéntarisasi dongéng nu aya di Kacamatan Cibadak, milih dongéng anu luyu jeung KIKD, jeung milih dongéng anu cocog pikeun dijadikeun bahan pangajaran basa Sunda di SMP.

1.2.2 Rumusan Masalah

Dumasar kana idéntifikasi masalah di luhur, masalah dina ieu panalungtikan dirumuskeun dina wangun kalimah pananya ieu di handap.

- 1) Dongéng naon waé nu aya di Kacamatan Cibadak?
- 2) Kumaha struktur instrinsik jeung ajén moral dina dongéng nu aya di Kacamatan Cibadak?
- 3) Kumaha larapna hasil panalungtikan pikeun pangajaran maca di SMP?

1.3 Tujuan Panalungtikan

1.3.1 Tujuan Umum

Luyu jeung masalah-masalah nu geus dirumuskeun, tujuan umum dilaksanakeunana ieu panalungtikan téh nyaéta pikeun ngainvéntarisasi dongéng-dongéng nu sumebar di masarakat Kacamatan Cibadak Kabupatén Sukabumi, jeung hasilna baris dijadikeun bahan pangajaran maca dongéng nu aya dina KIKD SMP kelas VII.

1.3.2 Tujuan Husus

Sacara husus ieu panalungtikan miboga tujuan, nyaéta:

- 1) mikanyaho dongéng naon waé nu masih kénéh aya di Kacamatan Cibadak;
- 2) mikanyaho struktur instrinsik jeung ajén moral tina dongéng nu aya di Kacamatan Cibadak;
- 3) mikanyaho luyu jeung henteuna dongéng-dongéng anu sumebar éta jeung KIKD SMP kelas VII sarta cocog atawa henteu pikeun dijadikeun bahan pangajaran basa Sunda.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

1.4.1 Mangpaat Tioritis

Sacara tioritis, ayana ieu panalungtikan dipiharep bisa ngeuyeuban élmu pangaweruh ngeunaan dongéng nu kungsi aya sarta nu masih kénéh aya di Kacamatan Cibadak. Hasil kajianana bisa dijadikeun salasahiji réferénsi pikeun kaperluan-kaperluan nu aya patula-patalina jeung ieu panalungtikan, utamana ngeunaan dongéng nu aya di masarakat.

1.4.2 Mangpaat Praktis

Sacara praktis, ieu panalungtikan boga mangpaat sangkan dongéng nu aya di masarakat teu tumpur kalindih kamekaran jaman, ngamumulé budayana, tur bisa nyokot mangpaat nu aya dina unggal dongéng pikeun kahirupan urang sapopoé. Salian ti éta, mangpaat praktis séjénna nyaéta disusunna matéri dongéng-dongéng heubeul pikeun diwanohkeun ka siswa.

1.5 Anggapan Dasar

Anggapan dasar mangrupa dasar pamikiran dina panalungtikan nu dijadikeun cecekelan utama. Ieu panalungtikan miang tina sawatara anggapan dasar nu kaunggel ieu di handap.

- 1) Sastra téh mangrupa seni anu gumelar ngaliwatan basa. Dina sastra anu penting téh lain basa anu éndah atawa carita anu ramé, tapi ajén senina (KUBI);
- 2) Dongéng kaasup salasihiji sastra Sunda heubeul titinggal karuhun Sunda, kacida pentingna pikeun dimumulé tur dijaga ku masarakat Sunda sorangan nepi ka ayeuna;
- 3) Pangajaran dongéng mangrupa matéri nu aya dina SKKD SMP kelas VII.

1.6 Raraga Nulis

Tahap ahir sanggeus data réngsé dianalisis dina ieu panalungtikan nyaéta nyusun hiji laporan dina wangun skripsi. Raraga nulis dina ieu skripsi, nyaéta:

BAB I: Bubuka nu ngabahas ngeunaan kasang tukang masalah, watesan masalah, rumusan masalah, tujuan jeung mangpaat panalungtikan, wangenan operasional, métode panalungtikan, téhnik panalungtikan, anggapan dasar, jeung raraga nulis.

BAB II: Kajian Tiori anu eusina ngébréhkeun ngeunaan dongéng jeung bahan pangajaran maca.

BAB III: Métode Panalungtikan anu eusina ngawengku métode jeung téhnik panalungtikan, désain panalungtikan, instrumén panalungtikan, sumber data jadwal kagiatan panalungtikan jeung sistematika nyusun skripsi.

BAB IV: Analisis Panalungtikan. Eusina ngawengku prak-prakan panalungtikan, nganalisis unsur-unsur dongéng hasil panalungtikan sarta dongéng pikeun bahan pangajaran maca.

BAB V: Panutup anu eusina ngawengku kacindekan hasil panalungtikan sarta saran pikeun panalungtikan satuluyna.